

## Informasi Imigrasi & Visa kanggo Korban Kekerasan Seksual & Interpersonal

Mahasiswa internasional lan akademisi sing duwe pitakonan babagan status visa lan imigrasi dheweke diwenehi saran kanggo golek pitulungan marang pengacara imigrasi. Dokumen iki minangka sumber kanggo nerangake aspek hukum tartamtu, nanging iki ora bisa dadi gantine nasihat hukum.

### Aku wis dadi korban penyerangan, apa status imigrasiku mengaruhi kemampuanku kanggo ngakses sumber daya ing kampus?

Ora. Adhedhasar undhang-undhang, mahasiswa lan staf sing dadi korban kekerasan seksual lan interpersonal nampa hak kang padha ing ngisor Judhul IX saka Amandemen Pendhidhikan 1972 (Judhul IX) lan Anti-Kekerasan Marang Wong Wadon (VAWA), tanpa mawas status visa lan imigrasi.

Informasi babagan sumber daya pengobatan lan panyuluhan ing kampus, uga akomodasi sing kasedhiya, bisa ditemokake ing:

<https://www.tntech.edu/healthservices/>

Informasi babagan proses tuntutan mahasiswa bisa ditemokake ing:

<https://www.tntech.edu/policies/>

Kampus ora bakal nglakokake tumindak piwalesan utawa mbeda-bedakake sampeyan amarga nglaporake kejahanan.

### Apa aku bisa ngajokake tuntutan hukum minangka imigran kedhaftar utawa ora kedhaftar?

Iya. Informasi babagan definisi kekerasan seksual, kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran lan penguntitan ing negara bageyan sampeyan bisa ditemokake ing Laporan Keamanan Taunan:

<https://www.tntech.edu/police/annual-security-report>

Pitakonan tartamtu babagan ngajokake tuntutan bisa dialamatake menyang:

Zeva Edmondson, Title IX Office  
1 William L. Jones Dr., Derryberry Hall 256, Cookeville, TN 38505  
931-372-3112  
<https://www.tntech.edu/titleIX>  
[zedmondson@tntech.edu](mailto:zedmondson@tntech.edu)

### Apa ana status visa lan imigrasi tartamtu kanggo korban kejahanan?

Iya. Kanggo korban kekerasan seksual, kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran lan penguntitan, mungkin ana pilihan visa liyane, kalebu Visa U lan T. Kanggo luwih jelase, mangga rembugan karo pengacara imigrasi.

Visa U	Visa T
Kanggo korban kekerasan fisik utawa mental sing abot minangka asil saka kagiyatan kriminal tartamtu, kalebu pelecehan seksual, kekerasan rumah tangga, perkosaan, aniyaya, utawa tumindak kriminal liya. -Korban/ sing ngajokake kudu dadi korban saka kagiyatan kriminal sing nuruti sarat lan bisa ngewangi penyelidikan lan/utawa ngadili kagiyatan kriminal kasebut. -Biasane sah kanggo 4 taun -Kanggo informasi luwih akeh, mangga konsultasi marang pengacara imigrasi, lan delok:  <a href="http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status">http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status</a>	Kanggo korban perdagangan manungsa -Kudu nuruti panjalukan kang lumrah saka penegak hukum kanggo kerja sama ing penyelidikan utawa ngadili tumindak perdagangan manungsa (kajaba ora bisa kerja sama amarga trauma fisik utawa psikologi), lan kudu bisa njentrehake yen korban/pemohon bakal kangelan banget nglakoni urip yen dipindhahake saka Amerika Serikat. -Biasane sah kanggo 4 taun -Kanggo informasi luwih akeh, mangga konsultasi marang pengacara imigrasi, lan delok:  <a href="http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status">http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status</a>
<b>Apa ana kantor ing kampus sing bisa menehi aku informasi tambahan?</b>	' '

Kantor Layanan Mahasiswa Internasional lan Akademisi bisa menehi informasi migunani babagan status imigrasi. Perlu dicatat yen kanggo pitakonan babagan pangowahan status visa liya, utawa pilihan hukum sing ana ing njaba visa pelajar standar F-1 lan J-1, utawa visa pegawe sing disponsori, mangga konsultasi menyang pengacara imigrasi kang mumpuni.

**Pilihan Visa**



<p>F-1 lan J-1 pelajar</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pilihan kanggo ngurangi beban sinau sing wis disetujoni amarga kahanan medis kang disahake dening dokter resmi, dokter osteopati, utawa psikolog klinis sing duwe lisensi</li> <li>• Pilihan kanggo, lan konsekuensi kanggo, mundur saka program akademik</li> <li>• Informasi babagan bali menyang program akademik ing wektu liya, yen mahasiswa pilih mundur</li> <li>• Pilihan lan konsekuensi kanggo ngancani bojo</li> <li>• Informasi umum babagan pilihan kanggo ngowahi status visa</li> <li>• Informasi umum babagan visa U lan T. (Mangga ngubungi pengacara imigrasi kang mumpuni)</li> <li>• Mangga ngubungi pengacara kang mumpuni</li> </ul>	<p>H-1B, O-1, E-3, or TN pegawe</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pilihan kanggo cuti nyambut gawe, lan konsekuensi marang status imigrasi sampeyan</li> <li>• Pilihan lan konsekuensi kanggo ngancani bojo</li> <li>• Informasi umum babagan pilihan kanggo ngowahi status visa. Manga ngubungi pengacara imigrasi kang mumpuni</li> <li>• Informasi umum babagan visa U lan T. (Mangga ngubungi pengacara imigrasi kang mumpuni)</li> <li>• Mangga ngubungi pengacara imigrasi kang mumpuni</li> <li>• Penduduk tetap A.S. katundha (kertu ijo durung disetujoni)</li> <li>• Dampak amarga ninggalake gawean marang aplikasi penduduk tetap pegawe disponsori sampeyan katundha;</li> <li>• Mangga ngubungi pengacara kang mumpuni</li> </ul>
---	--

#### Apa iku pengacara imigrasi lan apa sing ditindakake dheweke?

Pengacara imigrasi yaiku pengacara sing duwe lisensi khusus ing bidang ukum imigrasi. Fungsine minangka pengacara klien, lan bisa makili klien sadurunge lembaga imigrasi, ing pengadilan imigrasi uga ing aplikasi pengajuan kanggo kaperluan imigrasi. Pengacara bisa menehi saran umum lan bisa ngrengbug pilihan imigrasi. Kaya kabeh pengacara, pengacara imigrasi kaiket dening katamtuhan etika lan ukum profesional, lan njaga rembugan klien tetep rahasia.

#### Ing ngendi aku bisa nemokake pengacara imigrasi setempat?

Layanan Imigrasi lan Kapendhudhukan A.S. (USCIS), sawijine badan saka Departemen Keamanan Dalam Negeri (DHS), nyedhiyakake rong situs kanggo ngewangi wong nemokake perwakilan ukum kang murah utawa gratis:

[USCIS: Temokna Pitulungan ing Laman Web Komunitas sampeyan](#)

[USCIS: Temokna Laman Web Layanan Hukum](#)

[Dewan Banding Imigrasi \(BIA\) nyedhiyakake dhaptar pengacara miturut negara bageyan sing menehi layanan imigrasi gratis utawa murah.](#)

[Asosiasi Pengacara Imigrasi Amerika \(AILA\) menehi Layanan Rujukan Pengacara Imigrasi online sing bisa ngewangi mahasiswa utawa akademisi nemokake pengacara imigrasi](#)

[Asosiasi Bar Amerika uga menehi informasi cara nemokake layanan hukum miturut negara bageyan](#)